

## NIVO ELEMANTÈ

## EGZAMEN SYANS SOSYAL

### PREMYE LIV

### POU REPONS KI BYEN ÒGANIZE EPI KI GEN OBJEKTIVITE

16 NOVANM 2005

Non elèv la \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan ti liv sa a; Twazyèm Pati a nan Dezyèm Liv la.

**Premye Pati** a gen 35 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papyè apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

**Dezyèm Pati** a gen plizyè kesyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Premye Liv la.

**PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L.**



## Premye Pati

### ESPLIKASYON

Gen 35 kesyon nan Premye Pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons pou chwazi pami yo; repons yo make depi A pou rive D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make repons ou yo sou fèy la.

Li egzanzp ki la a:

#### Egzanzp

Ki vil ki kapital Eta New York?

- (A) Utica
- (B) Albany
- (C) Vil New York
- (D) Buffalo

Repons ki kòrèk lan se **Albany** ki kote lèt **B** a. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanzp lan. Kòm se chwa **B** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanzp lan, se ti sèk ki gen lèt **B** a ki nwasi.

Reponn tout 35 kesyon yo ki nan Premye Pati nan egzamen an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase l byen efase. Ou gen dwa pa ka reponn kèk kesyon, men, fè sa w kapab pou chak kesyon.


Lè ou fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a.

## Premye Pati

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.


- 1 Generasyon apre generasyon, moun rakonte pitit yo istwa sou zansèt yo.  
Lè sa fèt, li rele  
(A) istwa nan bouch (C) byografi ekri  
(B) atifak istorik (D) rechèch nan libreri
  
- 2 Kòman yo rele yon peryòd san tan?  
(A) dekad (C) syèk  
(B) milenyòm (D) ane limyè
  
- 3 Rivyè yo te enpòtan nan devlopman vil yo plis paske yo te bay  
(A) kote pou moun naje  
(B) mwayen pou transpòte machandiz ak moun  
(C) pwoteksyon kont atak  
(D) kote ki plen bèt pou lachas
  
- 4 Enpòte pwodi sòti nan lòt peyi enpòtan plis paske li ede moun  
(A) jwenn sa peyi yo bezwen  
(B) vizite lòt peyi  
(C) konnen kibò lòt peyi yo ye  
(D) prepare pou al viv nan lòt peyi
  
- 5 Matyè premyè tankou chabon ak min fè yo itilize pou pwodi machandiz rele  
(A) resous kapital (C) resous yo pa bezwen  
(B) resous natirèl (D) resous travay

Sèvi ak graf ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6 la.



- 6 Si tout peyi sa yo te menm gwosè an kilomèt kare, ki peyi ki ta kapab gen ***mwens*** moun?
- (A) Lend (C) Etazini  
(B) Lachin (D) Brezil
- 
- 7 Lè kantite chokola moun bezwen pou yo manje desann, pri chokola nòmalmant monte. Sitiyasyon sa a montre pri chokola a ka chanje pa
- (A) prezidan an (C) bòykotaj  
(B) òf ak demann (D) klima zòn nò (atik)
- 8 Anpil fwa rejyon nan lemond yo pa gen menm plant ak bèt paske yo pa gen menm
- (A) anviwonman (C) kilti  
(B) matyè premyè (D) nasyonalite


Sèvi ak graf ki anba a epi sou konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.



- 9** Ki non ki ap pi bon nan mitan desen sa a?
- (A) Montauk (C) Iwokwa  
(B) Algonkyen (D) Moyikan
- 
- 10** Kijan yo rele jan tanperati a toujou ye nan yon zòn pandan yon tan
- (A) presipitasyon (C) jeografi  
(B) istwa (D) klima
- 11** Fanmi yo gen anpil nesesite ak anvi. Kilès nan lis sa a ki se anvi?
- (A) televizyon (C) kay  
(B) manje (D) dlo
- 12** Ki tèm ki dekri lajan yo rasanble pou peye pou sèvis yon kominote bay?
- (A) epay (C) enterè  
(B) pwofi (D) taks
- 13** Nan majorite peyi pi gwo responsablite gouvènman an se kreye
- (A) anvi ak nesesite (C) enpòtasyon ak ekspòtasyon  
(B) tradisyon ak koutim (D) règ ak lalwa

- 14** Y ap tann tout moun pou yon manm responsab yon nasyon si yo vle jwi dwa ak privilèj nan nasyon sa a. Lide sa a plis montre
- (A) egalite (C) grangou  
(B) sitwayènte (D) divèsite
- 15** Ki lòd kòrèk gwoup evenman sa yo nan kòmansman istwa Ameriken sòti pi lontan pou vin pi pre?
- (A) kolonizasyon → Gè Revolisyon → eksplorasyon Ewopeyen  
(B) kolonizasyon → eksplorasyon Ewopeyen → Gè Revolisyon  
(C) eksplorasyon Ewopeyen → kolonizasyon → Gè Revolisyon  
(D) Gè Revolisyon → eksplorasyon Ewopeyen → kolonizasyon
- 16** Kantite zetwal ki genyen nan drapo etazini jodi a reprezante
- (A) kantite tribi endyen yo  
(B) peyi gwoup imigran yo  
(C) 50 eta yo  
(D) 13 koloni ki te gen anvan yo
- 17** Moun ki te an favè endepandans pandan Revolisyon Ameriken an te rele
- (A) Konfedere (C) Solda manto wouj  
(B) Lwayalis (D) Patriyòt
- 18** Pandan peryòd kolonyal la ki sa majorite moun nan New York t ap fè?
- (A) plante (C) repara materyèl ki fèt an ajan  
(B) vann materyèl ki fèt (D) travay fè  
ak plim bèt
- 19** Ki pi gwo rezon ki fè moun al viv nan vil yo lè gen yon depasman sòti nan pwovens pou vinn nan vil?
- (A) pou gen pi bon chans pou jwenn travay  
(B) pou viv pi pre fèm  
(C) pou pi pre pak ak gwo espas  
(D) pou al pi lwen vye katye ki gen anpil moun

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 ak 21 yo.



Sous: F. Daniel Larkin, *New York Yesterday and Today*, Silver Burdett & Ginn, 1990 (adapte)

**20** Pandan Lagè 1812 la, bay 2 batay ki te fèt nan lès Lak Ontaryo?


- (A) Pò Sackets ak Fò Erie
- (B) Ogdensburg ak Plattsburgh
- (C) Plattsburgh ak Lewiston
- (D) Oswego ak Pò Sackets

**21** Dapre kat la, ki deklarasyon sou Lagè 1812 la ki vre?

- (A) Pi fò batay yo fèt tou pre Vale Hudson nan Eta New York.
- (B) Pi gwo batay nan lagè a fèt nan vil New York.
- (C) Plizyè batay nan lagè a te fèt nan lwès ak nan nò Eta New York.
- (D) Premye batay sou lanmè nan lagè a te fèt sou Lak Erie.



Sèvi ak graf ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 a.



Sous: James A. Banks et al., *New York: Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw-Hill, 1998 (adapte)


**22** Pi gran ogmantasyon nan kantite machandiz ki pase nan kanal la te fèt pandan ki peryòd 10 zan?

- (A) 1835–1845                      (C) 1885–1895  
(B) 1845–1855                      (D) 1905–1915
- 

**23** Ki evenman nan Eta New York ki te yon **rezilta** lòt 3 yo?

- (A) Kanal Erye te konstwi pou kole Oseyan Atlantik ak Gran Lak yo.  
(B) Bato ak vapè Fulton yo te ka vwayaje sèlman ant vil New York ak Albany.  
(C) Agrikiltè nan lwès Eta New York te vle voye manje an grenn nan vil New York.  
(D) Yon pakèt biznis nan vil New York te vle lòt mwayen transpòtasyon ki pi bon epi ki pa chè.

Sèvi ak chema kwonolojik anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 24 la.



**24** Ki evenman ki dwe nan plas **X** la?

- (A) ouvèti Kanal Erie
- (B) lè batay Saratoga a te fèt
- (C) Konfederasyon Iwokwa yo fòme
- (D) ray pou tren Transkontinantal la te fini

**25** Kounye a nan Etazini, kòman yo chwazi alatèt gouvènman yo tankou majistra, gouvènè, ak senatè?

- (A) Lakou Siprèm nonmen yo.
- (B) Sitwayen yo eli yo.
- (C) Pwopriyetè biznis yo chwazi yo.
- (D) Moun ki fè lalwa nan leta yo fè yon seleksyon.

**26** Kongrè a se branch ki fè lalwa nan ki nivo nan gouvènman an?

- (A) lokal
- (B) konte
- (C) eta
- (D) federal

**27** Chèf yon gouvènman rele


- (A) alatèt yon gwoup
- (B) prezidan
- (C) gouvènè
- (D) majistra

**28** Nan Etazini, chak kilè yo fè eleksyon pou prezidan?

- (A) chak 6 zan
- (B) chak 4 tran
- (C) chak 2 zan
- (D) chak ane

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou sou nan syans sosyal pou reponn kesyon 29 ak 30.

**Pi gran gwoup imigran nan Leta New York**



Sous: James A. Banks et al., *New York: Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw-Hill, 1998 (adapte)

- 29** Dapre graf la, ki gwoup ki te gen pi gran kantite imigran nan lane 1870?
- (A) Ongwa (C) Polonè  
(B) Italyen (D) Ris
- 30** Ki gwoup imigran ki montre pi gwo ogmantasyon nan kantite yo sòti 1870 pou rive 1900?
- (A) Ongwa (C) Polonè  
(B) Italyen (D) Ris

Sèvi ak tablo anba a epi ak konesans sou nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 an.

### Rivyè ki pi long yon nan lemond

Rivyè	Peyi	Mayls	Kilomèt
Nil	Ejip	4,132	6,650
Amazòn	Brezil	4,000	6,437
Changjiang-Yangzi	Lachin	3,915	6,300
Mississippi-Missouri (Sistèm rivyè)	Etazini	3,710	5,971
Yenisey-Angara (Sistèm rivyè)	Larisi	3,274	5,269

Sous: Howard Veregin, ed., *Goode's World Atlas*,  
Rand McNally, 2005 (adapte)

- 31** Ki deklarasyon ki ale pi byen ak enfòmasyon ki nan tablo sa a?
- (A) Lachin gen plis rivyè pase Etazini.
  - (B) Brezil gen yon rivyè ki pi long pase Lejip.
  - (C) Larisi gen twazyèm sistèm rivyè ki pi long nan lemond.
  - (D) 5 rivyè ki pi long nan lemond yo mezire plis pase 3,000 mayls.

- 32** 3 Deklarasyon sa yo te fèt pa diferan moun nan diferan moman nan listwa.

“Lè fil arenyen fè yon sèl, yo ka mare yon lyon.”

—pwovèb Etyopyen

“Nou dwe viv ansanm tankou frè oubyen nou tout ap peri ansanm tankou moun fou.”

—Martin Luther King, Jr. (1929–1968)


“Tout pou youn, youn pou tout, se deviz nou.”

—Alexandre Dumas (1802–1870)

Ki ideyal 3 deklarasyon sa yo vle pale?

- (A) lidèchip
- (B) jistis
- (C) kolaborasyon
- (D) edikasyon

Sèvi ak kat Eta New York la ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 33 ak 34 yo.




**33** Ki vil ki sitiye pi pre 44°N ak 76°W?

- (A) Syracuse
- (B) Rochester
- (C) Watertown
- (D) Binghamton

**34** Bill nan Rochester epi l ap vwayaje dirèkteman pou Olean. Nan ki direksyon li prale?

- (A) Sidwès
- (B) Sidès
- (C) Nòdwès
- (D) Nòdès

Sèvi ak kat anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 35 la.



Sous: G. Brown and A. Schule,  
*Your Country and Mine*, Ginn and Company, 1969  
(adapte)

**35** Ki non yo bay liy ki gen nimewo 6 la sou li?

(A) premye meridyen

(C) twopik kaprikòn

(B) Ekwatè

(D) twopik kansè

**KONTINYE NAN PAJ APRE A**

**FOR TEACHER USE ONLY**

Part I Score \_\_\_\_\_

Maximum Total is 35 Points

## Dezyèm Pati

*Esplikasyon:* Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan espas yo ba ou nan ti liv egzamen sa a.

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 jiska 3.

Sòti 1881 pou rive 1920, prèske 24 milyon imigran vini nan Etazini. Pandan te gen imigran kite sòti tout kote nan lemonn, pi plis te sòti Lewòp. Yo te vwayaje sou bato vinn Ellis Island nan pò New York la. Anpil imigran fè vil New York vinn tounen lakay yo. Kèk nan yo chèche opòtinite nan lòt vil sou Kòt Lès la. Lòt imigran vwayaje nan mitan Etazini epi travay tankou agrikiltè.

- 1 Ki mo ki itilize pou dekri moun ki deplase sòti nan yon peyi pou ale viv nan yon lòt? [1]

---

Score

- 2 Bay **yon** rezon moun kite Lewòp pou ale Etazini pandan ane 1881 ak 1920 yo. [1]

---

---

Score

- 3 Ki senbòl libète Ameriken ki te akeyi anpil nan moun sa yo lè yo t ap rantre nan pò New York la? [1]

---

Score

Sèvi ak foto epi tèks ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 jiska 6.



. . . Si w te grandi nan lane 1920 yo, fanmi ou te kapab achte yon radyo pou premye fwa. Radyo te yon nouvo envansyon ki te eksitan. Li bay nouvèl ki sòti tout kote menm jan ak mizik epi lòt plezi. Anpil fanmi te pase sware yo ap tande radyo, tankou yon fanmi jodi a te ka chita ansanm gade televizyon. Pandan lane 1920 yo, estasyon radyo kòmanse gaye nan vil yo nan Eta a. Youn nan premye yo sete WGY nan Schenectady. . . .

Sous: F. Daniel Larkin, *New York Yesterday and Today*, Silver Burdett and Ginn, 1990



4 Dapre foto sa a, ki **2** fason diferan moun yo pran plezi yo nan lane 1920 yo? [2]

*a* \_\_\_\_\_  
Score

*b* \_\_\_\_\_  
Score

5 Dapre tèks sa a, ki **yonn** nan fason radyo te chanje lavi fanmi Ameriken yo nan lane 1920 yo? [1]

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Score

6 Bay **de** egzanp kòman fanmi an pran plezi lakay chanje depi lane 1920 yo. [2]

*a* \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Score

*b* \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
Score

Sèvi ak nòt jounal ki anba a sou lavi nan Antatik la epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 jiska 9.

Jodi a sete premye jou travay mwen nan Antatik! Apre dejene, mwen mete rad pou mwen sòti deyò sou mwen. Nan Antatik la, li enpòtan pou kouvri tout pati nan kò w lè w ap sòti deyò. Moun nan zòn nan mete menm 5 rad sou yo. Chalè ki sòti nan kò yon moun rete nan mitan rad yo pou ede kenbe moun nan cho. Prèske tout moun nan Antatik la mete yon gwo rad cho long ak gwo koulè ki parèt [manto pou fred]. (Pa mwen an se yon gwo koulè vèt). Moun yo mete rad gwo koulè sa yo pou yo ka wè yo fasil lè gen tanpèt nèj. Nan Antatik yo te avèti mwen pou mwen toujou mete linèt solèy lè mwen ap sòti. Sòti deyò san linèt solèy ka fè zye yon moun fè li mal pou plizyè jou.

7 Poukisa pou yon moun mete rad gwo koulè nan Antatik la? [1]

---

---

Score

8 Poukisa moun nan Antatik la bezwen mete linèt solèy? [1]

---

---

Score

9 Kòman fason yo abiye nan Antatik la diferan de fason yo abiye nan zòn tou pre ekwatè a? [2]

---

---

Score

Sèvi ak tablo anba a, ki bay kantite moun nan pi gran vil nan Eta New York yo, epi ak konèsan sou nan syans sosyal pou reponn kesyon 10 ak 11 yo.

**Vil ki gen pi plis moun nan Eta New York, 1990**

Vil	Popilasyon
Albany	101,082
Buffalo	328,123
Mount Vernon	67,153
New Rochelle	67,265
Vil New York	7,322,564
Rochester	231,636
Schenectady	65,566
Syracuse	163,860
Utica	68,637
Yonkers	188,082

Sous: U.S. Census, 1990

**10** Ki vil nan Eta New York ki *twazyèm* nan pi gran kantite moun? [1]

\_\_\_\_\_ Score

**11** Ki *de* vil ki pi pre nan kantite moun yo genyen? [1]

\_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_ Score

<p><b>FOR TEACHER USE ONLY</b></p> <p>Part II Score _____</p> <p>Maximum Total is 14 Points</p>
---

